

GID POU PARAN

nan
Broward
Schools



Broward County
Public Schools

Haitian Creole

2005 - 2006



Se Community
Involvement Department
ki konpile tèks-yo
754-321-1970

www.browardschools.com



19 septanm, 2005

Pou Manman ak Papa:

Ou se prenmye pwofesè pitit-ou epi se ou ki pi enpòtan. Patisipe nan edikasyon pitit-ou kit lakay kit lekòl ap ogmante chans siksè-li.

Nan yon sistèm lekòl enpòtan tankou pa nou-an, li ase difisil pou jwenn ransèyman ou bezwen-an. Parents' Guide to Broward Schools-Gid pou Paran nan lekòl Broward prepare pou ede manman oswa papa chèche konnen plis sou pwogram ak resous li kapab itilize pou ede pitit-li aprann epi reyisi lekòl. Gid-sa-a gen ladann yon lis pwogram ak sèvis disponnib pou ede pitit-ou pandan li anwole lekòl. Plizyè nan pwogram-sa-yo te devlope an asosiyasyon avèk kominote fanmi-nou. Malgre tout bote pwogram-sa-yo yo san valè si fanmi-yo pa konnen yo epi yo pa ka sèvi ak yo pou pitit-yo. Se pou rezon-sa-a yo devlope gid-sa-a kòm yon referans tout kout.

Lekòl-nou-yo fonksyonnen tankou yon ekip – manman/papa, fanmi, elèv, pwofesè, manm pèsonnèl lekòl ak kominote – kap travay ansanm pou atenn ekselans nan edikasyon. Ansanm, nou kapab founi pitit-ou eksperyans ki pi anrichisan pou li.

Montre ou enterese nan edikasyon pitit-ou konsa ou va motive pitit-ou aprann. Poze keksyon sou aktivite lekòl, ankouraje pitit ou pale sou sa ki pase nan lekòl-li, epi sèvi ak divès resous sistèm lekòl-nou-an ofri ou-menm ak pitit-ou. Patisipasyon-ou pandan tout ane-a va ede ogmante siksè pitit-ou nan etid-li. Fè lekti papyè pitit-ou pote lakay, bay lekòl-la ransèyman li mande, vizite lekòl-la lè ou kapab, patisipe nan komite SAC, SAF, PTA ak/oswa PTO, epi motive pitit-ou lè lap aprann.

Tanpri pa jennen kontakte depatman ki gen non-yo sou lis Gid-la si ou bezwen ransèyman anplis. Ansanm nou kapab fè lekòl piblik Broward County sistèm pi miyò nan peyi-a.

Avèk respè,

Frank Till
Superintendent of Schools



19 Septanm, 2005

Pou Manman ak Papa:

Kòm yon manm School Board, mwen konnen ki jan patisipasyon paran enpòtan pou siksè chak ekèy ki anwole nan lekòl Broward County Public Schools. Non sèlman ou se premye pwofesè pitit-ou men ou se pi gwo defansè li tou.

Patisipasyon-ou nan pwogram lekòl ak nan aktivite saldeklas esansyèl pou asire yon bon eksperyans pou ou ak fanmi-ou. Sa ki pi enpòtan ankò, kominikasyon ant lakay ak lekòl se kle pou ede pitit-ou konbat tout defi lap kontre nan ane kap vini-yo.

Men pou kèk paran, patisipasyon aktif enkli manm nan òganizasyon paran, oswa patisipe nan komite School Advisory Forum (SAF) oswa Council (SAC). Pou tout lòt paran, patisipasyon vle di fè lekti, pale epi koute pitit-ou; jwe jwèt avèk yo; pale sou aktivite lekòl-yo, oswa menm pale sou nouvel lokal ak nouvel nan lemonn. Tout bagay-sa-yo ede kreye yon sans enpòtan nan edikasyon. Lè pitit-ou konnen ou angaje nan edikasyon-yo, yap fè yon pi gwo efò pou yo reyisi.

Alòske lejislasyon Leta epi nasyonnal egzije kounye-a fanmi okouran epi patisipe, Broward County gen ven ane pase depi lap devlope patisipasyon fanmi. Kòm konsekans, yo kapab jwenn paran nan tout kominote-a kap egzèse fonksyon nan komite lekòl, komite rejyonnal ak distrik. Kèk lòt paran, mwen ladann tou, ale pi lwen. Yo vin defansè tout timoun, sèvi kòm ofisyèl yo eli nan School Board, nan County Commission, epi plis ankò.

Parent's Guide To Broward Schools- Gid pou paran nan lekòl Broward va ede-ou konprann pwogram ki an plas nan tout Distrik-la epi ba-ou kontak espesifik pou jwenn ransèyman. Tanpri itilize kontak enfòmasyon ki nan Gid-la pou jwenn manm pèsònèl nou si ou gen pwoblèm oswa keksyon espesifik. Nou envite-ou bay sijesyon-ou sou kontni ak fòm Gid-la, epi sa ou panse sou pwogram Distrik-la.

Sensèman,

Stephanie Arma Kraft, Esq.
School Board Chair



GID POU PARAN NAN LEKÒL BROWARD – se yon referans rapid pou sijè ki enterese paran-yo. Li pa di ou tout bagay sou distrik lekòl-la men li di ou ki kote pou ou jwenn plis ransèyman sou tout sa ou ta anvè konnen.

KÒMAN POU UTILIZE



Sijè-yo nan lis la nan lòd alfabè-a. Nap ba-ou non kontak, nimewo telefòn ak sit entènèt (si posib).



PARENTS' GUIDE TO BROWARD SCHOOLS disponnib nan lang angle, kreyòl ayisyen, pòtigè ak espayòl nan sit entènèt-nou Wèbsayt: www.getinvolvedineducation.com oswa rele nan nimewo telefòn 754-321-1970 pou yon kopi.

GID POU PARAN NAN LEKÒL BROWARD

Tanpri itilize fèy kòmantè pou bay opinyon-ou epi pou fè nou konnen si ou renmen gid-la oswa pou mande yo ajoute sijè anplis.



Si ou gen keksyon, tanpri rele-nou. Si ou ta vle yon kopi enprime *Gid-la*, oswa si ou konnen lòt paran ki pa gen aksè ak yon konpitè, yo kapab ba-yo kopi gid-la tou. Depatman *Community Involvement* la pou sèvi nou, 754-321-1970.

KÒMANTÈ

Sou Gid pou Paran nan lekòl Broward

Tanpri ede nou fè Gid pou paran nan lekòl Broward – PARENTS' GUIDE TO BROWARD SCHOOLS – yon liv itil pou paran. Ban-nou opinyon-ou ak sijesyon-ou.

1. Kouman Gid pou paran nan lekòl Broward-la ede ou? (Tcheke youn.)
__Li ede anpil
__Li ede
__Li ede toupiti
__Li pa ede ditou
2. Ki sijè ki manke, ou ta renmen wè nou ajoute?
3. Ki sijè ki ladan men ou kwè li pa nesèsè?
4. Èske ou itilize gid-la nan lang ___ angle, ___ kreyòl ayisyen, espayòl, oswa ___ pòtigè?
5. Èske ou konnen ki jan pou ou jwenn yon kopi enprime seksyon espesifik si ou bezwen-yo vreman?
Wi ___ Non ___

KÒMANTÈ/SIJESYON:

*Si ou pito voye l lapòs,
Voye-li nan adrès-sa- a:*

PARENTS' GUIDE TO BROWARD SCHOOLS

Community Involvement
7th Floor, K.C. Wright Building
600 SE 3rd Avenue
Ft. Lauderdale, Fl 33301

Si ou gen keksyon rele nan nimewo telefòn
754-321-1970.

Program Advanced Academics/Gifted (Pwogram akademik avanse/pou elèv ki entelijan anpil)

Kategori	Etid/konnesans elèv
Deskripsyon	Depatman Advanced Academic Programs sipòte pwogram akademik difisil ak pwogram pou elèv ki entelijan anpil-gifted. Depatman-an pwodwi plizyè piblikasyon ak materyèl pou ede fanmi. Pami-yo gen bwochi konsènan EP-Educational Plan (Plan Enstriksyon), Gifted Safeguards & Procedures- (Pwoteksyon dwa elèv entelijan anpil ak pwosedi), Gifted Program Overview (Vi jeneral sou pwogram gifted), sit entènèt ki bay ransèyman konsènan Preparasyon pou kolèj ak bwochi Vi jeneral Pwogram Etid Avanse. Nou kapab ale nan sit entènèt depatman-an pou gade tout piblikasyon-sa-yo. Kontakte depatman-an pou jwenn kopi piblikasyon-sa-yo sou papye.
Kontak	Cynthia Park, Director , 754-321-1830 • www.broward.k12.fl.us/advancedacademics/

Area Offices (Biwo Rejyonal)

Kategori	Kominikasyon
Deskripsyon	Gen kat biwo rejyonal nan Distrik-la: Sid, Sid Santral, Nò Santral ak Nò. Chak biwo rejyonal responsab lekòl ki nan zòn gwografik-li. Si ou pa kapab jwenn ransèyman ou bezwen-an nan lekòl pitit-ou, biwo rejyonal kapab ede-ou sou keksyon konsènan transpò, demann transfè pou chanje pitit-ou lekòl, edikasyon pou elèv eksepsyonèl, sèvis pou elèv ak patisipasyon fanmi.
Kontak	Area Superintendent oswa appropriate staff South Central 754-321-3800 North Central 754-321-3000 South 754-321-3600 North 754-321-3400

Attendance Policy (Regleman sou prezans ak absans lekòl)

Kategori	Enfòmasyon jeneral
Deskripsyon	Distrik lekòl-la gen regleman presi konsènan absans elèv lekòl. Regleman-sa-yo nan liv regleman sou kondwit elèv. Elèv-yo dwe resevwa liv-sa-a lè rantre lekòl. Ou kapab jwenn yon kopi liv-sa-a tou nan sit entènèt distrik-la.
Kontak	School Social Work & Attendance , 754-321-2490 • www.broward.k12.fl.us/studentsupport/school_social_work_services/contacts

BECON (Broward Education Communications Network) (Rezo kominikasyon edikasyon Brawd)

Kategori	Enfòmasyon jeneral
Deskripsyon	BECON se chanèl televizyon edikatif, enstriktif epi kominotè Broward County. Nou kapab wè pwogram-yo depi uitè nan maten rive onzè aswè sèt jou nan semenn-nan. Pwogram-yo adapte pou moun divès laj gade-yo. Tcheke pwogramasyon kab televizyon zòn-ou pou konnen lè yap pase pwogram-yo. Ou kapab jwenn orè pwogram-yo nan sit entènèt www.becon.tv .
Kontak	Dr. Phyllis Schiffer-Simon, Director , 754-321-1000 • www.becon.tv

Before & After School Care (Pwogram siveyans timoun avan ak apre lekòl)

Kategori	Pwogram espesyal
Deskripsyon	Pou yo reponn ak bezwen kominote-a, distrik lekòl-la ofri pwogram siveyans timoun avan ak apre lekòl-Before and After School Child Care. Pwogram-sa-yo ofri yon milye an sekirite. Yo pwomouvwa devlopman fizik, entelekyèl, emosyonèl epi sosyal chak timoun. Tout pwogram-yo satisfè estanda kalite pou swen timoun. Telefonnen lekòl pitit-ou pou jwenn plis enfòmasyon.
Kontak	Barbara Flynn, Coordinator , 754-321-3330 • http://www.broward.k12.fl.us/k12programs/bascc/

Bilingual/Foreign Language/ESOL (Depatman Bileng/Lang etranje/ESOL)

Kategori	Reyisit elèv
Deskripsyon	Depatman Bilingual/Foreign Language/ESOL Education gen yon biwo ki rele Parent and Community Outreach Office. Fanmi, lekòl ak manm kominote-a kapab rele nan telefòn oswa vizite biwo-a nan adrès 1441 South Federal Highway, Fort Lauderdale pou resevwa enfòmasyon enpòtan ak asistans sou jan pou yo gen aksè ak pwogram ESOL epi ak sèvis pou elèv ki pa fò nan angle-Limited English Proficient (LEP) students.
Kontak	Yvette Fernandez , 754-321-2951 • www.broward.k12.fl.us/esol

Boundary Process (Pwosesis delimitasyon zòn lekòl)

Kategori	Patisipasyon fanmi
Deskripsyon	Broward County se youn nan pami sistèm lekòl kap devlope pi vit nan Etazini. Gendefwa li nesesè pou chanje delimitasyon zòn jewografik yon lekòl kouvri pou lekòl-sa-a pa vin gen twòp elèv. Se sa yo rele pwosesis delimitasyon zòn lekòl-boundary process. Paran gen opòtinite bay sijesyon lè yap konsidere chanjman nan delimitasyon zòn lekòl.
Kontak	Boundary Department , 754-321- 2480 • www.broward.k12.fl.us/schoolboundaries

BRACE (Broward Advisors for Continuing Education) – Konseye nan Brawd pou Edikasyon avanse)

Kategori	Sipò elèv
Deskripsyon	BRACE (Broward Advisors for Continuing Education) se yon pwogram ki founi ransèyman sou resous disponnib, ki bay konsèy ak asistans teknik pou elèv ki gen entansyon kontinye edikasyon-yo nan yon enstitisyon siperyè. Konseye BRACE ede elèv lekòl segondè ak elèv pi gran dekouvri opsyon yo kapab genyen. Nan lane 1998, yo fonde yon pwogram bous BRACE pou reponn ak bezwen elèv diplome lekòl segondè ki kalifye men ki pa gen ase lajan pou kontinye etid-yo. Ak pwomosyon 2004-lan, 7,653 elèv diplome resewa plis pase \$22 milyon an bous pou premye ane-a sèlman.
Kontak	School BRACE Advisor oswa Laurie Sutton, Coordinator , 754-321-2584 • www.broward.k12.fl.us/studentsupport/guidance/brace/

Cancellation of School (Lekòl kap fèmen nan ka ijans)

Kategori	Ijans
Deskripsyon	Si gen move tan oswa yon ijans ki ekzije pou lekòl fèmen, ofisyèl lekòl-yo va travay ak laprès epi sant ijans Broward Emergency Operations Center pou bay fanmi enfòmasyon atan epi ransèyman ki egzat. Gade televizyon oswa koute radyo pou tout dènye nouèl yo va bay. Pandan emisyon-sa-yo, yap bay nimewo telefòn ou kapab rele nan ka ijans si ou gen keksyon.
Kontak	District Rumor Control Hotline , 754-321- 0321 • www.browardschools.com

Career, Technical & Adult/Community Education (Karyè, Teknik, ak Edikasyon pou granmoun/kominotè)

Kategori	Edikasyon pou elèv pi gran
Deskripsyon	Depatman Career, Technical and Adult/Community Education gen yon sit entènèt pou kominike ak divès moun ki enterese, paran ladann tou. Nan sit entènèt-la, fanmi ap jwenn enfòmasyon, sijè enteresan, manm pèsonnèl li kapab kontakte, resous disponnib ak konneksyon nan lòt sit entènèt epi piplis ankò. Anvan lontan, nou va kapab kominike ak paran nan Virtual Counselor nan entènèt kote paran-an kapab jwenn enfòmasyon espesifik konsènan elèv-li. Enfòmasyon-an konsène evalyasyon, rechèch karyè ak planifikasyon karyè ak pwogram.
Kontak	Howard Kimelstein , 754-321-2647 • www.ctace.com

Character Education (Fòmasyon Karaktè)

Kategori	Pwogram Espesyal
Deskripsyon	School Board adopte karakteristik karaktè sa-yo pou tout lekòl Broward County: Responsabilite, Devwa Sivik, Jantiyès, Onnèkte, Sanfwa, Tolerans ak Kowoperasyon. Lekòl-yo dwe ensiste sou enpòtans kalite-sa-yo nan pwogram-yo. Chak mwa, youn nan karakteristik karaktè-sa-yo vin gen enpòtans. Pwofesè nan saldeklas ak lekòl-yo patisipe ak elèv-yo nan aktivite ki va ede elèv-yo konprann mye karaktè-a. Elèv-yo kapab, nan yon seri egzèsis, pratike pou devlope karaktè-sa-a pou yo menm.
Kontak	Tanzantan, an asosiyasyon ak jounal South Florida Sun-Sentinel nou chwazi timoun ki devlope yon karakteristik karaktè-Kids of Character. Yo selebre timoun-sa-yo nan yon reyinyon espesyal epi yo rakonte sa yo fè sou jounal-la. School Principal oswa Dianne Lee Sepielli , 754-321-2444 • www.browardschools.com/schools/character.htm

Charter Schools- Lekòl Charter

Kategori	Chwa Lekòl-School Choice
Deskripsyon	Charter Schools-Lekòl charter se yon inovasyon ki fèk parèt nan edikasyon piblik. Lekòl charter kòmanse lan Leta Minnesota nan lanne 1991. Lekòl charter se lekòl piblik ki gen kontra Leta oswa ajans lokal pou satisfè bi espesifik pou reyisit elèv. Pou sa yo resewva lajan Leta pou enstriksyon elèv pandan yon tan ki fikse alavans. Charter Schools pa blije swiv tout lwa Leta-a eksepte lwa ki gen rapò ak dwa sivil ak sante, byennèt epi sekirite elèv. Charter schools se lekòl piblik ki san delimitasyon zòn, yon chwa lekòl epi yo pratike tolerans. Charter schools fonksyonnen dapre yon kontra pèfòmans yo rele charter. Kontra charter-a esplike an detay misyon, pwogram, bi, elèv yo vize, metòd evalyasyon, objektif akademik ak jesyon finans lekòl-la. Fanmi-yo kapab jwenn yon lis lekòl charter ki nan Broward nan sit entènèt.
Kontak	Betsy Donate, Coordinator , 754-321-3025 • www.browardschools.com/schools/charter.htm

Child Find (Pwogram espesyal pou timoun piti)

Kategori	Exceptional Student Education (ESE (Edikasyon pou elèv eksepsyonèl))
Deskripsyon	Si ou gen yon bagay ki enkyete-ou nan jan pitit-ou ap devlope, pran kontak ak Child Find.
Kontak	754-321-2204 • www.broward.k12.fl.us/studentsupport/ese/fdlrs/child_find.html

Clothing Bank (Depo vètman)

Kategori	Bezwen Espesyal
Deskripsyon	The Broward County Council of PTA- Komite PTA Brawad Kaounti gen yon depo vètman-clothing bank- disponnib pou elèv ki nan nesite epi ki sitiye sou kanpis lekòl Fort Lauderdale High School. Paran-yo kapab kontakte departman guidance lekòl pitit-yo pou yo kapab resewva yon kupon pou rad. Chak ane, yo ranmase rad nan divès lekòl ak departman. Yo lave vètman-yo epi rakomode-yo. Ou kapab jwenn inifòm lekòl tou. Pou fè kado rad nan depo vètman-an, kontakte Ann Murray. Sa yo pi bezwen se chosèt ak souvètman nèf ak inifòm lekòl.
Kontak	Ann Murray, Guidance Counselors , 954-523-0288 • www.browardpta.com (Klike sou "Clothing Bank")

College Academy at BCC (Kolèj akademi nan BCC)

Kategori	Chwa Lekòl
Deskripsyon	The College Academy at BCC,- Kolèj akademi nan BCC se yon ayeskoul ki raple yon kolèj. Se yon asosiyasyon ant Broward County School Board epi Broward Community College. Se yon ayeskoul ki gen doub anwolman, fonde pou elèv ki avanse nan etid-yo men ki pito gen yon lòt chwa apa lekòl tradisyonèl. Apre dezan nan College Academy, pifò elèv diplome ak yon diplòm ayeskoul epi yon diplòm Associate of Arts degree. Yo kapab transfere kòm elèv jinyò lan kolèj upper-division ak inivèsite. Kondisyon pou yon elèv kalifye: antre nan onzyèm ane ayeskoul ak yon mwayèn jeneral 3.0 unweighted, reyisi tès nivo konnesans, epi rekòmandasyon pwofesè.
Kontak	Nell Sapp, Principal , 754-321-6900 • www.broward.k12.fl.us/collegeacademy

Colleje Planning Services (Sèvis preparasyon pou kolèj)

Kategori	Edikasyon nan enstitisyon siperyè
Deskripsyon	FACTS.org se yon resous santral ki nan entènèt ki ede nan planifikasyon ak nan jan pou jere eksperyans pitit-ou. Li kapab ede-ou chwazi yon kolèj, yon espesyalite. Ou kapab jwenn tou yon gid pou karyè.
Kontak	www.facts.org

Communications & Media Relations (Kominikasyon ak Medya)

Kategori	Kominikasyon ak laprès
Deskripsyon	Depatman Communications & Media Relations responsab pou pifò kominikasyon entèn epi ekstèn distrik-la. Depatman-an sipèvizè tou prensipal wèbsayt distrik-la. (www.browardschools.com).
Kontak	Keith Bromery , 754-321-2300 • www.browardschools.com/communications

District Advisory Committee (DAC) – (Komite Konsiltatif Distrik)

Kategori	Patisipasyon paran
Deskripsyon	Komite District Advisory Committee fòm ak reprezantan lekòl epi reprezantan fowòm komite rejonnal-area advisory forums. Gwoup-la travay ansanm ak Direktè Jeneral Lekòl-yo pou idantifye pwoblèm epi fè rekòmandasyon pou adrese pwoblèm-sa-yo.
Kontak	Anne Efras, Chairperson , 954-389-7272 • www.browardschools.com/involved/

District Calendars (Kalandriye distrik-la)

Kategori	Enfòmasyon Jeneral
Deskripsyon	Kalandriye-yo gen dat evènman enpòtan kap pase nan distrik-la. Pou nou kapab jwenn yon kopi enprime kontakte Community Relations.
Kontak	Communications & Media Relations , 754-321-2300 • www.browardschools.com/communications

ESOL Leadership Council (Komite lidèchip ESOL)

Kategori	Patisipasyon Paran
Deskripsyon	Se yon fowòm òganize pou tout distrik-la, pou paran ki pa fò nan angle-Limited English Proficient (LEP) epi pou manm kominote-a ki enterese. Paran ak kominote-a kapab asiste distrik-la nan idantifye bezwen edikasyon ak priyorite elèv LEP. Komite ESOL Leadership Council reyinyi chak mwa diran ane lekòl-la nan bilding K.C. Wright Administration Building nan Fort Lauderdale.
Kontak	754-321-2951 • www.broward.k12.fl.us/esol

Family Counseling (Konseye pou lafanmi)

Kategori	Bezwen elèv
Deskripsyon	Pwogram Project B.L.A.S.T Family Counseling bay tout elèv ki an danje sèvis pou absans lekòl touttan, konpòtman agresif, ak abi sibstans nan lekòl-yo ak nan lokal ki ranplase sant sispansyon. Konseye-yo travay an kolaborasyon ak elèv epi fanmi-yo. Sèvis-sa-yo gratis. Nou kapab jwenn ransèyman ak bwochi sou pwòje B.L.A.S.T nan biwo Pwogram Prevansyon-Office of Prevention Programs.
Kontak	Amalio Nieves , 754-321-2568 • www.broward.k12.fl.us/studentssupport/preventionprograms/html/blast.html

FCAT (Tès FCAT)

Kategori	Reyisit elèv
Deskripsyon	Gen anpil enfòmasyon konsènan tès FCAT nan Entènèt pou paran. Fanmi-yo kapab jwenn: rezilta tès FCAT pou tout Leta Florid epi pou chak lekòl nan Broward; enfòmasyon sou FCAT nan lang kreyòl ayisyen epi espayòl; egzanp tès FCAT ak sa yo ka mande nan tès-la; keksyon yo poze pi souvan sou FCAT; epi tès pou elèv-la pratike ak egzèsis pou ranfòse teknik.
Kontak	Kimberley Kraft, Director, Student Assessment & School Performance , 754-321-4250 • www.broward.k12.us/studentassessment

Florida Diagnostic & Learning Resources (FDLRS) – (Dyagnostik ak Resous pou ede aprann)

Kategori	Exceptional Student Education (ESE) Edikasyon pou elèv eksepsyonèl
Deskripsyon	Florida Diagnostic & Learning Resources System (FDLRS) se yon rezo ki gen 19 sant rejonnal ak kat sant espesyalize nan Leta Florid ki bay sèvis sipò pou paran, edikatè ak lòt moun kap travay ak timoun ki gen bezwen espesyal.
Kontak	Gwen Lipscomb , 754-321-2205 • www.broward.k12.fl.us/studentssupport/ese/fdlrs

Florida's A+ Plan (Plan Florida A+)

Kategori	Kominikasyon
Deskripsyon	Si ou enterese konnen plis sou plan Florida's A+ Plan, nòt lekòl yo pran dapre A+ Plan, sou done ak enfòmasyon sou pwogram ki devlope espesyalman pou paran, vizite sit entènèt A+ Plan.
Kontak	School Principal , • www.schoolgrades.fldoe.org/

Grades/Report Cards/Test Scores (Nòt/Kanè/Rezilta Tès)

Kategori	Reyisit Elèv
Deskripsyon	Tanzantan, paran va resewa enfòmasyon sou pwogrè pitit-li nan etid-li. Paran-yo va resewa kanè, rapò pwogrè, ak rezilta tès FCAT epi lòt tès nivo konnesans lekòl-la ap voye ba-yo. Si ou gen yon bagay ki enkyete ou sou pwogrè pitit-ou ap fè lekòl, tanpri pran yon randevou ak pwofesè pitit-ou pou yon konferans. Paran-yo kapab ale nan entènèt epi nan Virtual Counselor pou gade enfòmasyon sou elèv-li (nòt, prezans ak absans lekòl, rezilta tès).
Kontak	School Principal

Guidance (Konsèy)

Kategori	Sipò pou elèv
Deskripsyon	Guidance Counselors-Konseye bay elèv asistans selon estanda nasyonnal tabli pou konseye nan lekòl-yo. Chak ane, yo ekzije konseye-yo kreye yon plan ki esplike ki jan, yo va asiste elèv-yo nan domenn etid, karyè ak abiltè nan rapò ak lezòt/pèsonnèl. Konseye-yo akonpli travay-sa-a nan divès prezantasyon nan saldeklas, reyinyon an ti gwoup epi konsiltasyon ak chak elèv epi pwofesè. Sijè konseye-yo pale sou yo abityèlman se evalyasyon, fè rechèch pou yon pwofesyon, konsèy, prevansyon vyolans, konsèy pou ede elèv evite nwi lezòt-anti bullying; teknik pou aplike nan etid; kontwòl kòlè, epi gwoup sipò ki ede elèv ki pase yon move eksperyans tankou lanmò oswa divòs nan fanmi-yo.
Kontak	School Guidance Counselor

High School Diploma Options (Opsyon diplòm ayeskoul)

Kategori	Etid elèv/konnesans
Deskripsyon	Nan lane 2003, lejislati Leta Florid kreye de nouvo opsyon diplòm ayeskoul 18-kredi, anplis diplòm estanda 24 kredi. De nouvo opsyon 18-kredi, preparasyon pou kolèj ak preparasyon pou karyè menm bagay eksepte pou matematik. Opsyon preparasyon pou kolèj ekzije 3 kredi matematik oswa nivo Aljèb 1 oswa pi wo, opsyon preparasyon pou karyè ekzije 3 kredi matematik ki enkli Aljèb 1. Nouvo lwa-sa-a an vigè kòmanse ak pwomosyon elèv ane 2003-2004.
Kontak	High School Guidance Departments

Homeless (San kay)

Kategori	Pwogram Espesyal
Deskripsyon	Vannèf pousan 5,000 moun san kay nan Broward County se timoun ki gen laj dizwitan (18) oswa pi piti. Elèv san kay andwa gen yon edikasyon apwopriye epi gratis. Chak ane, yo distribye pakè ak enfòmasyon pou fanmi san kay. Rele nimewo telefòn 754-321-2494 pou jwenn kopi bwochi enfòmasyon-sa-a. Distrik-la travay ansanm ak Coalition to end homelessness epi ak lòt ajans sèvis sosyal pou satisfè bezwen popilasyon timoun san kay. Yo kolekte founiti klasik nan kòmansman chak ane lekòl epi nan tan fèt.
Kontak	Dianne Lee Sepielli , 754-321-2494 www.broward.k12.fl.us/studentsupport/school_social_work_services/HTML/homeless_education_service.htm www.browardschools.k12.fl.us/learnresource/resourcesF.htm

Learning Resources (Sant resous pou enfòmasyon epi ede aprann)

Kategori	Reyisit elèv
Deskripsyon	The Learning Resources Department pèmèt elèv ak paran-yo gen aksè divès abònman ak donne de baz elektwonik nan entènèt depi lakay ak lekòl-la. Resous-sa-yo founi aksè fasil pou magazin, jounal ak liv referans pou enfòmasyon sou evènman aktyèl, La, syans, kilti popilè, sante, moun, gouvènman, istwa, espò ak plis ankò. SAVVYCat se yon kat katalòg enfòmasyon ki gen tout liv ak materyèl an sikilasyon nan bibliyotèk-media centers lekòl piblik Broward County. Ou kapab itilize kat katalòg enfòmasyon SAVVYCat pou aksè nan entènèt depi lekòl ak lakay.
Kontak	Barbara Correll , 754-321-3320 • http://savvyat.broward.k12.fl.us/

Magnet Schools (Lekòl ki gen pwogram espesyalize Magnet)

Kategori	Chwa lekòl
Deskripsyon	Pwogram Magnet ofri chwa edikasyon nan lekòl Broward County Public Schools. Malgre kapab gen klas ak pwogram ki sanblab nan lekòl segondè-yo pwogram espesyalize magnet atire elèv-yo paske li ofri opòtinite inik ak eksperyans an pwofondè nan domèn espesifik elèv-yo enterese. Chak pwogram Magnet konsantre sou yon sijè an patikilye. Pwogram Magnet-yo louvri pou tout elèv depi yo kalifye. Tout elèv ki rezide nan Broward County kap rantre lekòl, depi kindègadenm rive douzyèm ane, kalifye pou aplike pou pwogram-nan. Admisyon yon elèv nan lekòl segondè (midèleskoul ak ayeskoul) baze sou kritè etid ak talan. Pwogram Magnet ofri pwogram espesyalize-sa-yo: Teknik kominikasyon avanse, Enstiti pou etid avanse, Syans Aviyasyon, Cambridge Pwogram, Sant Edikasyon pou Enstriksyon Teknoloji, Kominikasyon ak Lang, Kominikasyon ak Radyodifizyon, Nouvo teknoloji konpitè, Syans anviwonman, Sante ak Byennèt, Relasyon entènasyonal ak teknoloji komèsyal, Akademi Entènasyonal pou klas primè, Relasyon entènasyonal ak biznis, Bakaloreya entènasyonal, Akademi Bèl lèt, Syans anviwonman maren, syans marin, Mikwo sosyete, Pwogram Montessori, Teyat ak Bèlè Vizyèl, Preparasyon pou etid dwa ak afè piblik, preparasyon pou etid medikal, syans ak teknoloji, syans, matematik ak teknoloji, syans ak preparasyon pou etid enjenyè, teknik, teknoloji.
Kontak	Leona Miracola, Director , 754-321-2380 • www.broward.k12.fl.us/magnet_programs www.getinvolvedineducation.com

Mentoring (Konseye-Gid)

Kategori	Sèvis
Deskripsyon	Pwogram Konseye jènjan -Youth Mentoring - te kreye nan lanne 1990 pou ede elèv an danje, rete lekòl. Depi pwogram-nan kòmanse li pran ekstansyon epi li entegre yon seri modèl pwogram konseye jenn tankou America Reads, Americorps, Communities in Schools, Woman of Tomorrow, Deletis Scholars, TSIC, Listen to Children Program of Mental Health Association, Big Brothers /Big Sisters, Harris Chapel, STARS Academy ak plis ankò.
	Tout pwogram-yo gen menm bi, ede elèv an danje vin pi mye yo kapab, lè yo kontinye ale lekòl, ede elèv-yo evite pran dwòg epi ede elèv-yo evite rantre nan gang.
	Nou bezwen konseye pou elèv-nou-yo ki an danje konsa nou va ede-yo atenn bi-yo.
Kontak	Wanda Robinson oswa Syd Shermett , 754-321-1972 • www.getinvolvedineducation.com (Klike sou Mentors)

Parent Resource Centers (Sant Resous pou paran)

Kategori	Patisipasyon Paran
Deskripsyon	Plizyè lekòl gen sant resous (dokimantasyon ak enfòmasyon) rezève sèlman pou paran. Sant resous-sa-yo gen materyèl ki ka enterese paran epi yo byen ekipe ak enfòmasyon itil pou paran. Sant resous-yo kapab louvri espesifikman pou paran ki pale yon premye lang ki pa angle oswa tou yo kapab louvri pou tout paran anjeneral.
Kontak	School Principal

Parent/Teacher Conferences (Konferans Paran/Pwofesè)

Kategori	Patisipasyon Paran
Deskripsyon	Yon konferans avèk pwofesè pitit-ou gen anpil avantaj. Prenmye avantaj se yon okazyon pou ou-menm ak pwofesè pitit-ou fòme yon ekip nan edikasyon pitit-ou. Pale bonnè sou siy ki kapab anonse pwoblèm nan etid oswa konpòtman kapab ede paran-an ak pwofesè-a travay ansanm pou jwenn solisyon. Si ou gen enkyetid konsènan lekòl, se toujou yon bon lide pou pran yon randevou ak pwofesè pitit-ou pou yon konferans.
Kontak	School Principal

Parenting Classes (Klas Fòmasyon pou Paran)

Kategori	Patisipasyon Paran
Deskripsyon	Plizyè lekòl ofri klas fòmasyon pou paran kote paran-yo kapab aprann aktivite ki va ede-yo ede pitit-yo reyisi mye lekòl. Anons klas-sa-yo afiche nan bilten lekòl-yo. Sa kapab yon seri klas fòmasyon pou paran sou sijè espesifik tankou disiplin oswa ankò Sware pou Fanmi nan lekòl-la menm kote yo konsantre sou yon sijè tankou matematik oswa teknoloji.
Kontak	School Principal

Partners in Education (Asosye nan Edikasyon)

Kategori	Volontè
Deskripsyon	Partners In Education se pwogram asosiyasyon ant lekòl epi biznis nan Broward County ki angaje nan reyisit elèv ak amelyorasyon lekòl. Pandan plis pase ven ane, Partners In Education ede nan devlopman elèv lè yo rapwoche kominote-a ak saldeklas epi rapwoche saldeklas-la ak kominote-a. Plis pase 2,300 biznis ak asosiyasyon kominotè pran angajman pou pouse elèv-yo atenn pi wo degre nan etid-yo. Asosye biznis ak kominote-a, konseye, moun ki ede elèv-yo nan etid-yo, vin kòm envite pou pale, demontre aplikasyon pratik sa elèv-yo aprann, òganize sòti ak lekòl-la, ofri estaj ak opòtinite pou elèv-yo travay ak pwofesyonèl.
	Nan fen ane eskolè 2003-2004, lekòl yo rapòte 2,334 asosiyasyon aktif ak biznis ki kontribye an sèvis oswa an kach pou \$9.0 milyon dola san bliye 11,401 volontè ki bay tan yo swa 151,746.50 è.
Kontak	Nina A. Randall, APR, Coordinator , 754-321-1974 • www.getinvolvedineducation.com (Klike sou Partners)

Prevention (Prevansyon)

Kategori	Sekirite lekòl
Deskripsyon	Sistèm eskolè sipòte ak tout fòs lide pou prevni yon pwoblèm anvan menm li rive. Gen plizyè pwogram prevansyon an plas tankou: D.A.R.E. (Drug Abuse Resistance Education), G.R.E.A.T (Gang Resistance Education and Training); Silence Hurts; G.R.A.D.E. (Gang Resistance and Drug Education); pwogram BULLYING pou edikatè, paran ak elèv; S.C.A.R.E (Student Created Aggression Replacement Education); S.A.V.I (School Anti-Violence Initiative) epi S.T.A.R (Students Taking Action and Responsibility).
	Silence Hurts se yon kanpay ki ankouraje elèv-yo pa rete sou silans-yo si yo okouran yon pwoblèm. Gen yon liy telefòn 754-321-0911 ou kapab rele lajounen kou lannwit pou rapòte keksyon konsènan sekirite
Kontak	School Principal

Promotion Requirements (Kritè pou chanje klas)

Kategori	Reyisit elèv
Deskripsyon	Chak elèv dwe ranpli sèten kondisyon pou li pase nan klas siperyè-a. Si ou gen enkyetid sou pwogrè pitit-ou, premye etap pou pran se fikse yon randevou ak pwofesè pitit-ou. Lekòl pitit-ou kapab ba-ou kondisyon nesèsè pou pase nan chak klas.
	Lekòl pitit-ou va kontakte ou si pitit-ou pap travay byen, men li toujou bon pou pran aksyon depi ou gen enkyetid.
Kontak	School Teacher, Principal

PTA, PTO, PTSA (Òganizasyon PTA, PTO, PTSA)

Kategori	Patisipasyon Paran
Deskripsyon	Pifò lekòl Broward gen yon òganizasyon paran/pwofesè, sitou nan lekòl primè ak lekòl segondè (midèskoul). Plizyè òganizasyon-sa-yo se PTA, ki afilye ak PTA kaounti-a, PTA Leta-a epi nasyonnal. Paran gen dwa vin manm. Chak manm PTA dwe peye frè. Kèk lekòl gen òganizasyon yo rele PTOs. Òganizasyon-sa-yo similè ak PTA-yo, men PTO-yo pa afilye ak okenn òganizasyon Leta oswa nasyonnal. Lòt lekòl, sitou nan nivo segondè gen òganizasyon paran/pwofesè/elèv. Abityèlman, yo se òganizasyon PTSA epi yo fè pati estrikti PTA.
Kontak	School Principal • www.browardschools.com/involved

Pupil Placement- (Biwo pou plasman elèv)

Kategori	Lekòl ki deziyen pou elèv ale
Deskripsyon	Elèv yo dwe ale nan lekòl kote paran oswa responsab legal gen adrès-yo. Depatman Pupil Placement sitiye nan adrès North Central Area Office, 7770 W. Oakland Park Blvd., Sunrise 33351.
Kontak	Deborah Stubbs , 754-321-3035 • www.broward.k12.fl.us/northcentralarea/Pupil%20Placement/index.htm

Qualifications (Kalifikasyon)

Kategori	Pwofesè
Deskripsyon	Pwofesè-yo dwe diplome oswa sètifye pou anseye nan branch yap anseye-a. Pou yo anseye yon matyè diferan (yo rele teaching “out of field”), yon pwofesè dwe gen yon dispans Board-la apwouve epi travay pou li gen sètifikasyon-li. Pwofesè-a dwe konplete chak ane 6zè klas chak semès OSWA pase egzamen Leta bay pou matyè-sa-a. Anplis, yo dwe pran anprent pwofesè-a epi sèvis sekirite dwe otorize-l.
Kontak	Pou konnen kalifikasyon espesifik pwofesè pitit-ou, tanpri kontakte direktè lekòl pitit-ou. School Principal

Reading Across Broward (Pwogram Lekti nan Brawd)

Kategori	Reyisit elèv
Deskripsyon	Reading Across Broward, pwòje motivasyon pou lekti Direktè Jeneral Lekòl-yo kreye, gen pou bi ankouraje elèv lekòl Broward County pou yo entegre lekti nan lavi toulejou-yo, devlope abitud lekti lavi diran, ale nan bibliyotèk epi sèvi ak resous bibliyotèk. Nan sit entènèt lekòl Broward ou kapab jwenn koneksyon pou aktivite, evènman, lis pri, “meyè” liv ak ki jan pou fè rechèch pou jwenn tit liv.
Kontak	Renee Schwartz, Media Specialist , 754-321-3320 • www.broward.k12.fl.us/learnresource/readmotivation.htm

Reassignments (Demann Transfè)

Kategori	Reyisit elèv
Deskripsyon	Distrik lekòl-la pèmèt elèv aplike pou demann transfè nan lekòl distrik-la ki pa gen twòp elèv oswa ki preske rive nan pwen kote lekòl-la ap gen twòp elèv (School Board Policies 5001 ak 5000). Paran-yo dwe ranpli fòmilè demann transfè epi soumèt-ni nan lekòl kote timoun-nan ale kounye-a oswa nan Depatman Pupil Placement. Ou kapab jwenn aplikasyon-yo nan chak lekòl. Ou kapab ranpli tou yon aplikasyon nan entènèt diran peryòd ki louvri pou aksepte aplikasyon demann transfè. Peryòd-la kòmanse premye me epi fini 15 jen pou lanne pwochen. Aplikasyon disponib diran peryòd yo aksepte aplikasyon, nan sit entènèt www.browardschools.com .
Kontak	Anne Dilgen, Student Assessment , 754-321-4250 • www.fldoe.org/NCLB/ www.broward.k12.fl.us/studentassessment

Safety programs (Pwogram Sekirite)

Kategori	Sekirite lekòl
Deskripsyon	The Broward County School Board gen plizyè pwogram ak pwosedi an plas pou asire sekirite elèv ak lekòl-yo. Pwogram School Resource Officer konsantre sou delenkans jivenil nan kontak li fè souvan avèk timoun epi nan pwogram prepare espesyalman pou reponn ak karakteristik epi kondisyon ki kapab lakòz delenkans. School Resource Officers (SROs)- ofisye lapolis ki sou kanpis lekòl-yo travay ansanm ak manm pèsònèl chak lekòl pou idantifye epi adrese pwoblèm ki bay enkyetid. Pwogram Youth Crime Watch ofri jennjan yon wòl aktif nan prevansyon epi diminyasyon krim.
Kontak	School Principal

School Accountability (Schools Grades & AYP) - Responsablite lekòl (Nòt lekòl yo pran ak AYP)

Kategori	Reyisit elèv
Deskripsyon	Depatman Florida Department of Education (FDOE) detèminen pèfòmans lekòl-yo lè li sèvi ak nòt lekòl yo pran dapre Florida's A+ Plan pou edikasyon epi pwogrè anyèl asepte-Adequate Yearly Progress (AYP) selon lwa No Child Left Behind (NCLB). Paran kapab jwenn enfòmasyon sou responsablite lekòl nan entènèt, nòt lekòl yo pran ak AYP lekòl-yo reyalize. Enfòmasyon-an disponnib pou tout lekòl Broward County.
Kontak	Kimberley Kraft, Director, Student Assessment & School Performance , 754-321-4250 • www.fldoe.org/NCLB/ www.broward.k12.fl.us/studentassessment

School Advisory Council (SAC) – Komite Konsiltatif Lekòl

Kategori	Patisipasyon Paran
Deskripsyon	Chak lekòl gen yon komite konsiltatif -school advisory council- fòm ak paran, manm pèsennèl, pwofesè epi asosye biznis. Se manm nan konsèy-la menm ki eli manm ki dwe okipe yon fonksyon nan komite-a. Manm komite-a dwe reprezante divèsite popilasyon elèv lekòl-la. Wòl komite School Advisory Council se devlope epi sipèvize chak ane plan amelyorasyon lekòl-School Improvement Plan (SIP).
Kontak	School Principal • www.browardschools.com/involved

School Advisory Forum (Fowòm Konsiltatif Lekòl)

Kategori	Patisipasyon Paran
Deskripsyon	Chak lekòl piblik Broward gen yon komite school advisory forum (SAF). Paran gen dwa vin manm. Bi komite fowòm-sa-a se idantifye pwoblèm nan lekòl-la epi travay ak direktè lekòl-la pou rezoud pwoblèm-sa-yo.
Kontak	School Principal

School Readiness (Pwogram pou pare elèv pou kindègadenn)

Kategori	Lekòl anvan kindègadenn
Deskripsyon	Sis pwogram diferan gen pwogram etid konplè ki favorize devlopman timoun ki ale nan klas anvan kindègadenn. Yo founi sèvis pou fanmi ak pitit-yo. Chak pwogram ede timoun-yo aprann mye epi bay meyè ranman. Sèvis devlopman pou timoun piti enkli ransèyman ak referal pou pwogram sosyal ak pwogram edikasyon ki sipòte efò paran pou yo vin okipe tèt-yo epi reyalize bi edikasyon ak vokasyonnnèl-yo. Paran-yo resevwa fòmasyon pou devlope konpreyansyon ak patisipasyon-yo nan devlopman pitit-yo. Pwogram-sa-yo se: Early Head Start, Head Start, School Readiness, Florida First Start, Preschool Exceptional Education, Voluntary Pre-Kindergarten (VPK).
Kontak	754-321-1951 • www.broward.k12.fl.us/headstart

Snapshot (Obsèvasyon rapid nan lekòl Broward)

Kategori	Enfòmasyon Jeneral
Deskripsyon	Broward County School District, sizyèm sistèm lekòl pi gran nan Etazini, se youn nan distrik kap devlope pi vit nan nasyon-an avèk yon melanj inik elèv ki viv lavil/banlye. Pou ane lekòl 2004/05 Broward County Public Schools anseye plis pase 274,000 elèv. Gen 251 lekòl ki sèvi yon popilasyon elèv ak divès kilti epi gwoup etnik. Elèv-yo soti nan 161 peyi diferan epi gen 57 lang ki pale.
Kontak	Joe Donzelli, Communication & Media Relations , 754-321-2300 • www.browardschools.com/about www.getinvolvedineducation.com

Standards (Estanda)

Kategori	Patisipasyon Paran
Deskripsyon	School Board Policy 1165 pou Patisipasyon Fanmi/Paran tabli estanda-sa-yo pou distrik lekòl: I. Kominikasyon II Ede nan fòmasyon Paran pou levasyon timoun III. Etid elèv/konnesans IV.Fè volontè V. Patisipasyon nan desizyon lekòl epi Defans pitit-yo VI. Kolabore ak kominote-a
Kontak	Paul Gress, Community Involvement Department , 754-321-1970 • www.getinvolvedineducation.com (Klike sou Parent/Family Involvement, epi apre Policy 1165) oswa www.fldoe.org/NCCB

Student Learning (Etid elèv)

Kategori	Exceptional Student Education (ESE)
Deskripsyon	Kèk timoun kapab bezwen yon pwogram espesyalize pou ede-yo satisfè bi edikasyon-yo. Plizyè pwogram diferan founi sèvis pou timoun ak bezwen espesyal.
	Si ou konnen oswa ou sispèk pitit-ou kapab bezwen èd anplis oswa pwogram espesyalize nan lekòl-li, tanpri rele lekòl pitit-ou pou chache konnen pwogram lekòl-la ofri.
Kontak	School ESE Specialist • www.broward.k12.fl.us/studentsupport/ese/

Title I, Migrant and Special Programs (Title I, Migran ak Pwogram Espesyal)

Kategori	Pwogram Espesyal
Deskripsyon	Title I pwodi yon bwochi entitile: Ki sa Paran dwe konnen sou Title I. Bwochi-a prepare pou bay paran Title I ransèyman enpòtan konsènan pwogram-nan, lajan yo bay lekòl-yo, ak aktivite paran-yo kapab patisipe ladann. Bwochi-a ekri nan lang angle, kreyòl ayisyen epi espayòl. Yo distribye kopi bwochi-a nan chak lekòl Title I jou vizit lekòl ak oryantasyon pou paran (open house) epi nan reyinyon/aktivite pou paran. Nou kapab jwenn enfòmasyon anplis nan sit entènèt.
Kontak	Cynthia Williams , 754-321-1410 • www.broward.k12.fl.us/titleone/

Tutoring/FCAT (Leson/tès FCAT)

Kategori	Reyisit elèv
Deskripsyon	FCAT Explorer se yon pwogram edikasyon gratis, ki nan entènèt pou elèv Leta Florida. FCAT Explorer ranfòse teknik lekti ak matematik ki dekri nan estanda Leta Florid-Sunshine State Standards. Enstriksyon entèaktif ede elèv-yo vin pi fò nan lekti ak matematik. Elèv-yo bezwen konpetans nan matyè-sa-yo pou reyisi nan egzamen FCAT.
Kontak	www.fcateexplorer.com www.broward.k12.fl.us/sbbcpolicies/Policy5309

Uniforms (Inifòm)

Kategori	Kondwit Elèv
Deskripsyon	School Board Policy 5309 espesifye chak lekòl kapab patisipe nan yon pwogram inifòm, si lekòl-la ranpli sèten kondisyon ki enimere nan regleman-an. Lekòl-la dwe prevwa ka elèv ki akòz difikilte lajan pa kapab achte inifòm. Paran/responsab legal yon elèv dwe fè demann pou egzante elèv-li nan pwogram inifòm lekòl-la nan dis (10) premye jou elèv-la vin lekòl.
Kontak	Principal • Chak lekòl

Virtual Counselor – (Pwogram nan entènèt ou kapab konsilte)

Kategori	Reyisit elèv
Deskripsyon	Virtual Counselor se yon sèvis nan Entènèt kote elèv ak paran-yo kapab tcheke dosye-yo yo-menm epi jwenn repons pou keksyon yo poze tankou: ki mwayèn jeneral-mwen? Konbyen absans/reta mwen genyen? Èske mwen pase egzamen FCAT? Yon demonstrasyon sou Virtual Counselor ak ki jan pou antre nan Virtual Counselor disponnib nan sit entènèt www.browardschools.com
Kontak	Guidance Counselor at School • www.browardschools.com/virtualcounselor www.getinvolvedineducation.com

Volunteer Programs (Pwogram sèvis kominotè)

Kategori	Fè volontè
Deskripsyon	Chak ane, plis pase 44,000 moun fè volontè nan lekòl Broward. Pou fè volontè, ou dwe ranpli yon aplikasyon epi swiv pwosedi sekirite sistèm lekòl-la. Apre yo apwouve-ou, yo va matche ou ak yon lekòl chwa ou oswa voye ou nan yon lekòl kote yo bezwen èd-ou. Kontakte depatman Department of Volunteer Services pou chache konnen egzakteman kouman ou kapab patisipe. Lanne dènye, volontè nan lekòl Broward bay 1.3 milyon è sèvis kominotè sa ki reprezante \$22.8 milyon dola, sèvis anplis ki benefisye timoun-yo.
Kontak	Anne French , Supervisor, Volunteer Services, 754-321-2040 • www.getinvolvedineducation.com (Klike sou Volunteers)

Web Page (Paj ransèyman nan entènèt)

Kategori	Enfòmasyon jeneral
Deskripsyon	Enfòmasyon jeneral tankou moun ou kapab kontakte nan Distrik-la, nimewo telefòn, manm School Board, kalandriye, enskripsyon ak lis lekòl disponnib nan sit entènèt School Board of Broward County. (www.browardschools.com). Ou kapab wè oswa enprime enfòmasyon ou bezwen-an ki sou paj sit-la.
Kontak	Rele Community Relations, nan nimewo telefòn 754-321-2300 pou mande yon kopi (sou papyè). Jarret Streiner , Webmaster, 754-321-2307 • webmaster@browardschools.com

Estrateji tranzisyon pou elèv ki depann sou fanmi ki nan Lame

Jou ki te 3 out 2004, School Board pase yon akò ekri -Memorandum of Agreement (MOA)- avèk Kòmmanman zòn sid Lame Etazini - United States Southern Command-. MOA espesifye nan akò-a nou dwe gen yon plan ekri ki esplike ki jan tranzisyon pou elèv ki depann sou fanmi ki nan Lame pral fèt nan lekòl Broward County Public Schools.

Pou kounye-a, Broward County fasilite epi sipòte tranzisyon timoun 700 fanmi ki nan Lame. Pwosedi pou akòmode bezwen elèv ki gen fanmi-yo nan Lame an plas nan tout lekòl Broward County Public Schools. Kontak nou nan Lame apresye asistans distrik-nou-an bay fanmi-sa-yo. Yon fason pou nou reyalize objektif MOA-a, nou mete alekri pwosedi ki anfòs kounye-a epi ajoute enfòmasyon-an nan Gid pou Paran.

Se sèlman militè ki nan sèvis aktif yo kapab akomode. Yo kapab mande ou soumèt dokiman kòm prèv.



ESTRATEJI TRANZISYON pou elèv ki depann sou fanmi ki nan Lame

Reassignment (Demann transfè)

Deskripsyon Distrik-la pèmèt elèv-yo mande yon transfè nan lekòl Distrik-la ki pa gen twòp elèv oswa ki preske rive nan pwen kote lekòl-la ap gen twòp elèv (School Board Policies 5001 ak 5000). Paran-yo dwe ranpli yon fòmilè demann transfè epi depoze demann-nan nan lekòl kote timoun-nan ale kounye-a oswa nan departman Pupil Placement Department. Yap jwenn aplikasyon demann transfè nan chak lekòl. Yo kapab ranpli yon aplikasyon nan entènèt diran tan yap akspete aplikasyon demann transfè. Tan pou yo aksepte aplikasyon pou ane pwochenn kòmanse premye me epi fini 15 jen. Aplikasyon-yo disponnib nan sit entènèt www.browardschools.com diran peryòd yo aksepte aplikasyon demann transfè.

Kontak [Deborah Stubbs, Coordinator, Student Planning](#) • 754-321-3035 • www.broward.k12.fl.us/northcentralarea/Pupil%20Placement/index.htm

English for Speakers of Other Languages (ESOL) Program -Pwogram angle pou moun ki pale yon lòt lang

Deskripsyon Manman/Papa/Responsab Legal timoun, fanmi ki nan Lame epi ki gen depandan, dwe reponn twa keksyon ki nan keksyonnen sou lang ki pale lakay-Home Language Survey. Keksyonnen-a nan fòm enskripsyon-an. Repons ou bay va detèminen si yo va evalye pitit-ou epi plase li nan pwogram ESOL.

Kontak [Bilingual/ESOL Director](#) • 754-321-2957 • www.broward.k12.fl.us/esol

Programs for Able Learners (Pwogram pou elèv ki gen aptitud pou aprann)

Deskripsyon Department of Advanced Academic Programs gen divès pwogram yo prepare pou elèv ki nan Kindègadenn rive douzyèm ane epi ki kapab reyisi byen nan etid akademik difisil. Pwogram-sa-yo se (1) edikasyon pou elèv ki entelijan anpil-gifted ki nan Kindègadenn jouk rive douzyèm ane (2) Mathematically Talented Students (MATS) in elementary school - matematik pou elèv nan lekòl primè ki gen aptitud (3) Great Exploration in Mathematics (GEM) nan lekòl midèleskoul, (4) Pwogram College Board's SpringBoard nan midèleskoul ak (5) klas Onnè, Plasman Avanse epi Doub anwolman -Honors, Advanced Placement, Dual Enrollment - nan ayeskoul.

Kontak [Cynthia Park](#) • 754-321-1830 • www.advancedacademicsonline.com

Magnet Programs (Pwogram espesyalize Magnet)

Deskripsyon Pwogram Magnet bay elèv-yo chwa nan edikasyon. Li ofri opòtinite inik ak eksperyans an pwofondè nan domenn espesifik elèv-yo enterese. Gen plis pase swasant pwogram magnet disponnib pou elèv ki rezide nan Broward County epi ki pral rantrè nan Kindègadenn rive douzyèm ane. Elèv-yo dwe ranpli yon aplikasyon pou antre nan pwogram-nan. Aplikasyon-yo disponnib nan tout lekòl piblik ak lekòl charter nan Broward County epi nan sit entènèt: www.browardschoolsmagnetprograms.com

Kontak [Leona Miracola, Director, Magnet/Program Development](#) • 754-321-2380 • magnet@browardschools.com

www.browardschoolsmagnetprograms.com

School Accountability (School Grades & AYP) - Responsablite lekòl (Nòt Lekòl ak AYP)

Deskripsyon Pou detèminen pèfòmans lekòl-yo, Florida Department of Education (FDOE) sèvi ak nòt lekòl yo pran dapre Florida's A+ Plan pou edikasyon epi Pwogrè anyèl akseptab-Adequate Yearly Progress (AYP) selon lwa No Child Left Behind (NCLB). Ou kapab jwenn enfòmasyon konsènan responsablite lekòl nan sit entènèt, nòt lekòl yo pran ak AYP lekòl yo reyalize. Enfòmasyon afiche pou tout lekòl Broward County Public Schools.

Kontak [Research Specialist, Student Assessment & School Performance](#) • 754-321-4250 • www.broward.k12.fl.us/studentassessment

ESTRATEJI TRANZISYON pou elèv ki depann sou fanmi ki nan Lame

Approved Alternative Assessment for FCAT (Lòt evalyasyon apwouve pou FCAT)

Deskripsyon	Pou yon elèv kapab diplome nan ayeskoul piblik Leta Florid ak yon diplòm regilye, li dwe pase nòt ekzijib nan Lekti ak Matematik tès FCAT li pran nan dizyèm ane. Elèv ki pa satisfè kondisyon pou li diplome lè li pran tès FCAT nan dizyèm ane va gen opòtinite reprann tès evalyasyon FCAT-la lè lap fè onzyèm ak douzyèm ane. An jeneral elèv-la kapab reprann tès FCAT-la nan prentan, otòn, ak ete.
Kontak	District Guidance Coordinator • 754-321-2584 • www.fldoe.org - klike sou bouton Military Family Assistance

McKay Scholarship for Student with Disabilities Program for Military-Dependents Students (Bous etid McKay Scholarship pou elèv ki gen andikap epi ki depann sou fanmi ki nan Lame)

Deskripsyon	Bous etid McKay Scholarship bay elèv ki andikape epi ki gen yon plan edikasyon endividyèl yo ekri pou li, opsyon pou li ale nan yon lekòl piblik ki pa lekòl yo deziyen pou li. Elèv-la kapab gen yon bous etid nan yon lekòl prive kalifye kap patisipe nan pwogram-nan.
Kontak	Exceptional Student Education Supervisor • 754-321-2212 • www.fldoe.org - klike sou Military Family Assistance

Program Bright Futures Scholarship (Pwogram Bright Futures Scholarship)

Deskripsyon	Nan ane 1997, Lejislati Leta Florid kreye pwogram bous Florida Bright Futures Scholarship Program. Se yon pwogram bous ki baze sou lajan lotri. Pwogram-nan rekonpanse elèv pou akonplisman-yo nan etid-yo diran ane ayeskoul. Li bay lajan pou elèv-yo pouswiv edikasyon-yo nan enstitisyon ansèyman siperyè ak objektif karyè-yo nan Leta Florid. Pwogram-nan gen twa bous: Florida Academic Scholars Award, Florida Medallion Award, ak Florida Gold Seal Vocational Scholars Award. Elèv-la dwe gen yon diplòm regilye Leta Florid oswa ekivalan-li kòm kondisyon ki detèminen kalifikasyon-ni nan pwogram-nan.
Kontak	District BRACE Advisor • 754-321-2591 • www.MyFloridaEducation.com/brfuture

Special Academic Programs—Assistance for Transferring Students (Pwogram akademik espesyal – Asistans pou transfere elèv)

Deskripsyon	Pwogram akademik espesyal enkli lekòl charter, lekòl ak pwogram espesyalize magnet, Advanced Placement Program-Pwogram Plasman Avanse, Dual Enrollment-Doub anwolman, ak International Baccalaureate Program- Pwogram Bakaloreya Entènasyonnal.
Kontak	Advanced Academics Department , Magnet Department , Charter School Coordinator • 754-321-1830, 754-321-2718, 754-321-3025 www.fldoe.org - klike sou bouton Military Family Assistance

In-State Tuition Status (Peman etid pou elèv ki rezide nan Eta Florid)

Deskripsyon	Elèv ki rezide nan Leta Florid ap peye pou etid-yo frè yo chaje pou rezidan Leta Florid. Elèv-sa-yo dwe anwole nan yon enstitisyon ki fè pati sistèm inivèsite oswa kolèj kòmminotè Leta-a.
Kontak	District Guidance Coordinator • 754-321-2584 • www.fldoe.org - klike sou bouton Military Assistance

Scholarships for Children of Deceased or Disabled Veterans or Children of Servicement Classified as Prisoners of War or Missing in Action (Bous pou pitit veteran ki mouri oswa andikape, oswa pitit solda ki klase kòm prizonnye lagè oswa ki disparèt nan lagè)

Deskripsyon	Leta Florid bay bous pou timoun Florid ki depandan veteran, depandan militè ki mouri akòz blesi, maladi oswa andikap pandan yo te nan sèvis. Si solda-a/veteran-an gen yon andikap total e pèmanan akòz sèvis li efekte nan lame depandan-li kapab jwenn bous tou.
Kontak	District BRACE Advisor • 754-321-2591 • www.FloridaStudentFinancialAid.org

ESTRATEJI TRANZISYON pou elèv ki depann sou fanmi ki nan Lame

Mental Health Support (Sipò pou Sante Mantal)

Deskripsyon Sipò pou timoun ki gen paran ak/oswa manm fanmi kap sèvi oswa ki te sèvi ann Irak oswa ankò nan lòt zòn konba.
Kontak [District Guidance Coordinator](#) • 954-321-2585

Florida Comprehensive Assessment Test (FCAT) – (Tès evalyasyon konpreyansif Leta Florid FCAT)

Deskripsyon Elèv Broward County nan ane 3 rive 11 dwe pran tès Florida Comprehensive Assessment Test (FCAT). Tès FCAT evalye sa elèv-yo konnen epi kapab fè nan lekti, matematik, konpozisyon ekri, ak syans. Enfòmasyon sou tès-sa-a disponnib nan entènèt kote paran kapab wè rezilta tès FCAT pou lekòl Broward, distrik-la, ak Leta-a. Ou kapab jwenn nan Entènèt egzanp tès FCAT pou pratike, ak sa yo ka mande nan tès-la, keksyon yo poze pi souvan sou FCAT.
Kontak [Testing Specialist, Student Assessment & School Performance](#) • 754-321-4250 • www.broward.k12.fl.us/studentassessment
www.fldoe.org

Stanford Achievement Test, Tenth Edition (SAT-10) – Tès Stanford Achievement, Dizyèm Edisyon (SAT-10)

Deskripsyon Elèv Broward County nan ane 1 ak 2 pran tès yo rele Stanford Achievement Test, Tenth Edition (SAT-10). Tès SAT-10 evalye sa elèv-yo konnen epi kapab fè nan konpreyansyon lekti ak rezoud pwoblèm matematik. Enfòmasyon sou tès-sa-a disponnib nan entènèt kote fanmi kapab wè rezilta pou lekòl Broward ak distrik-la.
Kontak [Testing Specialist, Student Assessment & School Performance](#) • 754-321-4250 • www.broward.k12.fl.us/studentassessment

Student Enrollment and Withdrawal (Enskripsyon elèv epi retire dosye elèv kap kite lekòl-la)

Deskripsyon Gen anpil ransèyman nan entènèt pou fanmi sou jan yo ka enskri pitit-yo lekòl. Fanmi ka jwenn lis verifikasyon dokiman yo dwe pote pou enskri elèv Kindègadenn rive douzyèm ane nan lang angle, espayòl, pòtigè epi kreyòl ayisyen. Yo ka telechaje/download fòm enskripsyon-an; epi gen yon link ki va ede-ou jwenn nan ki lekòl pitit-ou dwe ale nan zòn-ni. Responsab enskripsyon nan chak lekòl -registrar- kapab ede fanmi ak fòmalitye enskripsyon ak sa pou yo fè pou retire dosye elèv kap kite lekòl-la; sa vle di demann dosye, Aplikasyon pou manje maten oswa midi gratis oswa pi bon mache, Sètifika vaksen sou fòm DH 680-Florida Certification of Immunization (DH Form 680), epi papyè pou pwouve ou abite nan zòn-nan.
Kontak [District Guidance Coordinator](#) • 754-321-2586 • browardschools.com/info/newcomers.htm Klike sou “How to register for school“-Ki jan ou kapab enskri lekòl.

Parent Teacher Association (Asosiyasyon Paran Pwofesè PTA)

Deskripsyon Pwogram kontini PTA
Gen akomodasyon espesyal pou elèv ki depandan militè: Fanmi ki rive nempòt ki lè pandan ane-a nan Broward County va aprann PTA lekòl pitit-yo ap patwonnen pwogram ki kapab benefisye timoun-yo ak fanmi-yo nan nempòt moman pandan ane lekòl-la. Sijè pwogram-sa-yo kapab chanje pou chak lekòl, selon bezwen epi klas.
Kontak [Elinor Adler, President, Broward County Council PTA](#) • 954-435-5344 • www.browardpta.org



The School Board of Broward County, Florida

Stephanie Arma Kraft, Esq., Chair
Benjamin J. Williams, Vice Chair

Carole L. Andrews
Robin Bartleman
Darla L. Carter
Maureen S. Dinnen
Beverly A. Gallagher
Robert D. Parks, Ed.D.
Marty Rubinstein

Dr. Frank Till, Superintendent of Schools

The School Board of Broward County, Florida, entèdi tout lwa oswa pwosede ki ka anjandre diskriminasyon baze sou laj, koulè po, andikap, nasyonnalite, si moun-nan marye oswa pa marye, swa se fi oswa gason, ras, relijyon, oswa sou preferans seksyèl. Moun ki vle pote plent pou diskriminasyon ak/oswa arasman kapab rele Direktè biwo Equal Educational Opportunities (EEO) nan nimewo telefòn (754) 321-2150 oswa Teletype Machine nan nimewo 754-321-2158.

Dapre lwa Americans with Disabilities Act (ADA), nenpòt moun andikape ka telefonnen pou mande aranjman nan Depatman "Equal Educational Opportunities" (EEO) nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine, TTY 754-321-2158.

www.browardschools.com